



Kiyès Ki dwe Anrejistre kòm Vandè Taks sou Lavant

Ou dwe anrejistre nan Depatman Taks epi pran yon *Certificate of Authority (Sètifika Otorizasyon)* si w gen entansyon fè nenpòt nan sa ki annapre yo nan Eta New York:

- vann byen oswa sèten sèvis ke yo ka pran taks sou yo
- fè yon otèl oswa motèl fonksyone, oswa yo peye w frè pou antre nan amizman
- bay oswa resevwa sèten dokiman egzansyon taks sou lavant nan Eta New York

Yon *Certificate of Authority (Sètifika Otorizasyon)* pa transferab. Si w ap achte yon biznis ki egziste deja epi ou bezwen yon *Sètifika Otorizasyon*, ou dwe aplike pou li epi resevwa pwòp sètifika pa w.

Fason pou aplike

Soumèt aplikasyon w lan sou entènèt. Se fason ki pi fasil ak pi rapid pou jwenn *Certificate of Authority* pou taks sou lavant ou an (*Sètifika ki Otorize Taks sou Lavant*).

- Ale nan <https://www.businessexpress.ny.gov/>
- Klike sou *Online Applications (Aplikasyon sou Entènèt)*
- Klike sou lyen pou Department of Taxation and Finance (*Depatman Taks ak Finans*) la
- Seleksyone *Certificate of Authority to Collect Sales Tax (Sètifika ki otorize kolekte taks sou lavant)*

Aprè yo fin apwouve l, Depatman Taks la pral poste *Sètifika Otorizasyon* w lan voye ba ou.

Si w pa gen aksè nan Entènèt, rele Sales Tax Information Center (Sant Enfòmasyon pou Taks sou Lavant) nan (518) 485-2889.

Kilè pou w anrejistre

Ou dwe anrejistre nan Depatman Taks omwen 20 jou anvan w kòmanse biznis la. Si w vann nan Eta New York san yon *Sètifika Otorizasyon*, Depatman Taks ap fè w peye amann.

Fason pou itilize yon *Sètifika Otorizasyon*

Yon *Sètifika Otorizasyon* pèmèt ou kolekte taks sou lavant nan men kliyan w epi voye peye taks yo nan Depatman Taks.

Ou dwe afiche sètifika w la kote tout moun ka wè l nan kote ou gen biznis lan, ikonpri nan nenpòt lòt lokal anplis. Si w pa gen yon kote fiks pou biznis, tache sètifika a nan charyo, estann oswa kamyon w. Si w pa afiche sètifika w lan, Depatman Taks ap fè w peye yon amann.

Si biznis ou an gen plizyè lokal, ou ka anrejistre tout lokal yo sou yon sèl aplikasyon. Depatman Taks ap voye yon *Sètifika Otorizasyon* ba w pou chak lokal. Men, si w gen plis pase yon biznis, ou dwe aplike pou yon *Sètifika Otorizasyon* apa pou chak biznis.

Deklare ak peye taks

Depi w fin resevwa sètifika w lan, ou dwe kòmanse ranpli deklarasyon taks sou lavant, menmsi ou pa te fè ankenn lavant ni kòmanse biznis la. Si w deklare taks sou lavant ou anreta oswa ou pa fè l ditou, Depatman Taks ap fè w peye amann. Sa valab menmsi ou pa dwe ankenn taks sou lavant.

Sètifika tanporè

Si w gen entansyon fè biznis pou yon pati nan ane a sèlman, ou ka seleksyone opsyon temporary *Certificate of Authority (Sètifika Otorizasyon tanporè)* sou aplikasyon an pou w aplike pou yonn. Yon sètifika tanporè pèmèt ou fè biznis nan Èta New York pandan yon kantite tan ki gen limit. Ou dwe endike kilè ou prevwa biznis ou an ap kòmanse ak fini.

Ou **pa ka** aplike pou yon sètifika tanporè si w prevwa:

- fè lavant pou plis pase de trimès taks sou lavant yonn apre lòt, oswa
- fè lavant nan yon aktivite espektak oswa divètisman, tankou ekspozisyon atizana, espektak antik, ti mache oswa aktivite espòtif.

Menmsi w kalifye pou yon sètifika tanporè, ou ka aplike pou yon sètifika nòmal kanmenm dekwa pou w pa oblije aplike ankò chak ane. Si w jwenn yon sètifika nòmal, ou dwe soumèt deklarasyon taks sou lavant lè sa nesèsè pandan tout ane a, menmsi ou pa te fè ankenn lavant ni dwe ankenn taks sou lavant.